“Mahkumlar” film yaratilishidan oldin - senariy yozishdan tortib, rejissyorlik va aktyorlar bilan ishlashgacha bo‘lgan ma’lum bir qator g‘oyalar va tamoyillarni bekor qilgandek tuyuladi.” [1.39].

O‘rta osiyo kino ijodkorlarining ishlarida ham fenomenologik qarashlar juda kuchli qo‘llaniladi. Sababi shundaki o‘zbek, qozoq, qoraqalpoq va boshqa millatlarga mansub qaysi filmni qaramaylik biz filmlarda fenomenologik qarashlarni kuzatamiz. Sababi kino rivojlangan va rivojlanish sababi o‘zidan-o‘zi kelib chiqadiki kinoshinos olimlarning mehnati tufayli. Bu ish jarayoni hattoki butun omma bilishi kuzatishi uchun O‘zbekistonda filmlarni tahlil qilish uchun “Madaniyat va marifat” telekanalida ko‘rsatuv tashkil qilingan va Qoraqalpog‘iston teleradiokanalida ham “Kino+teatr” ko‘rsatuvi mavjud bu teleloyihalarda biz so‘z etayotgan filmlarni audiovisual fenomenologiyasiga urg‘u beriladi undan tashqari filmlardagi aktyor, aktrisalar ijodi rejissorlarning mahorati v.h.klar haqida olimlar tamonidan fikr bildiriladi va xalqqa namoyish etiladi. Bu kabi targ‘ibotchi loyihalarni ko‘plab misollar qilish mumkun lekin asosiysi natija hisoblanadi.

Adabiyotlar:

1. Новая философская энциклопедия. М.: Мысль, 2010. Т. III. С. 448.
2. Ямпольский М. Видимый мир. Очерки ранней кинофеноменологии. М.: НИИ Киноискусства, Центральный музей кино, Международная киношкола, 1993. С. 198-199.
3. Базен А. Что такое кино? Сборник статей. М.: Искусство, 1972. С. 42.
4. Дорошевич А.Н. Метафизика Андре Базена // Киноведческие записки. 1993. №17. С.99.
5. Метц К. Воображаемое означающее. Психоанализ и кино. Изд. 2-е. СПб.: Издательство Европейского университета в Санкт-Петербурге, 2013. С. 83.
6. Гуссерль Э. Идеи к чистой феноменологии. М.: Лабиринт, 1994. С. 33.
7. Трюффо о Трюффо. М.: Радуга, 1987. С. 139.

REZYUME. Bu maqolada film muallifning audiovizual echimlarni fenomenologik, falsafiy va estetik nutq sohasi sifatida qanday foydalanish ular haqida jahon olimlarining fikrlari o‘rganiladi va ularga izoh kelitirilib, kino sohasida fenomenologik qarash qanchalik muhim omil sifatida rol oynashi tahlil qilinadi.

РЕЗЮМЕ. В этой статье Фильм исследует, как автор использует аудиовизуальные решения в качестве феноменологической, философской и эстетической области дискурса мнения ученых всего мира о них и комментирует их, анализируя, насколько важную роль играет феноменологический взгляд в области кино.

SUMMARY. In this article, the film explores how the author uses audiovisual solutions as a field of phenomenological, philosophical and aesthetic speech, the opinions of world scientists about them are studied and comments are made on them, analyzing how important a role is played by a phenomenological view in the field of cinema.

ШЫҢҒЫС АЙТМАТОВТЫҢ «БОРАНЛЫ БӘНДИРГИ» РОМАНЫНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚША АЎДАРМАСЫНЫҢ КӨРКЕМЛИК ӨЗГЕШЕЛИГИ

Б.Т. Бердиева - *оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы

Таянч сўзлар: проза, философия, теория, пафос, жанр, лирика, стилистика
Ключевые слова: проза, философия, теория, пафос, жанр, лирика, стилистика
Key words: prose, philosophy, theory, pathos, genre, lyrics, style

Ш.Айтматовтың көплеген шығармалары дүньяның көплеген тиллерине, солардың қатарында қарақалпақ тилине аўдарылды ҳәм олар қарақалпақ китап оқыўшыларының руўхый мүлкине айланып үлгерди. Қарақалпақ халқының оқыўшылары Ш.Айтматовты өз жазыўшысы сыпатында қарайды. Ш.Айтматов тек қырғыз халкына ғана емес, Орта Азия халықларының бәршесине ортақ жазыўшы. Қарақалпақ китап оқыўшысы да Ш.Айтматовты тап қарақалпақ жазыўшысындай өзине жақын көреди, оның хәр бир шығармасының аўдармасын сағынып қарсы алады. Жазыўшының хәр бир шығармасы бизиң халкымыздың да турмысын, тарыйхын, келешегин көргендей жақынлық пайда етеди. Ш.Айтматов прозасындағы оның өзинен бурынғы әдебиятқа салыстырғанда өзгеше көркем-эстетикалық, поэтикалық белгилери –

көркем прозаға лириканың батыл түрде енгизилиўи, гейде романтикалық («Жәмийла»да), гейде драмалық («Ыразы бол, Гүлсары!», «Ақ кеме» т.б.) пафостың күшлилиги, фантастикалық, мифологиялық, мистикалық түсиниклер ҳәм көзқараслардың бүгинги турмыс ҳақыйқатлығы менен синтезленип берилиўи (соңғы шығармаларында) әдебий орталықты ҳайран қалдырып, шексиз өзине тартты. Мине, усы фактлердиң барлығы жазыўшының шығармаларының көп тиллерге аўдарылыўына себеп болды. Жазыўшының дерлик барлық шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылды ҳәм басылып шықты. Солардың ишинде ең дыққатқа ылайық ҳәм сәтли аўдармалар Әденбай Тәжимуратов, Узақбай Пиржанов, Алпысбай Султанов, Қазақбай Сапаровларға тийисли болды. Узақбай Пиржановтың қарақалпақ тилине аўдарма қылған «Қызыл шалғышлы дилбарым», «Биринши муғаллим», «Ақ кеме» шығармаларында қырғыз халқының лиризмге толы философиясын, Ш.Айтматовтың өзине тән болған нәзик баянлаў үлгисин анық көриўге болады. Соны да айтып өтиў керек, Ш.Айтматовтың шығармаларын қарақалпақ тилине аўдармалаў жас жазыўшылар ушын өзине тән тәжирийбе мектеби болды десек алжаспаймыз. «Ақ кеме», «Әсирге татырлық күн», «Теңизди жағалап жортқан тарғыл көпек» ҳәм т.б. шығармаларын «Әмиўдәрья» журналына басып шығарыўға таярлаўда көплеген талант ийелериниң қәлеми ысылды. Жазыўшыны қарақалпақ оқыўшыларына жақыннан таныстырыўда аўдармашылардың хызмети үлкен болды. Ш.Айтматов шығармаларының қарақалпақ тилиндеги аўдармаларының өзгешеликлерине тоқтамастан алдын әдебияттаныў илиминдеги аўдарма теориясының базы бир мәселелерине дыққат қаратқанды мақул көрдик. Аўдарма теориясының пайда болыўы ҳәм оның универсал қағыйдаларының ислеп шығылыўы дөретиўшилик аўдарма әмелиятына унамлы ҳәм нәтийжели тәсирин көрсетти. XX әсирдиң орталарындағы аўдармаларға салыстырғанда аўдарма жумысларының сыпаты ҳәм сапасы сезилерли дәрежеде жоқары дәрежеге көтерилди. Түп нусқа ҳәм аўдарма тилиниң барлық тәреплери ҳәм нәзикликлери, бир-бирине қай дәрежеде сәйкес ҳәм муўапықлығы, қарама-қарсы ҳәм қыйын тәреплерин салыстырмалы тәризде билиў – ҳәзирги заман аўдармашылығының ең биринши шәртлериниң бири екенлиги тән алынды. Алымлар көркем аўдарма тили мәселесинде төмендеги пикирлерди билдиреди: көркем әдебий шығармалар аўдармасы ушын булар да азлық етеди.

Түп нусқа ҳәм аўдарма тиллердиң поэтикалық сүўретлеў ғәзийнелерин билиў, сөзлер ҳәм гәп қурылысларының семантикалық, синтаксислик, стилистикалық өзгешеликлерин, өз жумысын анық билиўши аўдармашы – суў астындағы шебер акваланг ҳәм нәзик сезимге ийе актер сыяқлы. Дөретиўшилик етиў – аўдармашылықтың ең баслы қәсийети.

Аўдарма нусқаның түп нусқаға ҳәм оның жанр, поэтикалық қәсийетлерине сәйкеслиги, барлық жеке ҳәм улыўма талаплардың өз ара байланыслылығы, эквивалентлик ҳәм интерпретация тәреплери, сөзлердиң бир тилден екинши тилге өткендеги метаморфозасы, түрли-түрли прогматикалық гүзетиўлер ҳәм нәтийжелердиң барлығы өзлериниң илимий қәлиплерине ийе. Аўдарма теориясында лингвистиканың орны үлкен. [4:49] Кейинги он жыллықта теорияда лингвистикалық машқалалар ушырасып қайта-қайта исленбекте.

Сонлықтан, аўдармада лингвистикалық қәдем таслаў мүмкин емес. Соның менен бир қатарда, лингвистикалық машқалалар менен бирге аўдарманың поэтикалық, эстетикалық, психологиялық, философиялық, социаллық, машқалаларын терең ҳәм нәтийжели үйрениў аўдарма теориясы тараўының ең әҳмийетли ўазыйпасына киреди. Аўдармашының мийнетин ҳеш қашан екинши дәрежели деп түсинбеў керек. Оның мийнети жазыўшы тартқан машақат пенен барабар. Аўдарма себепли тилдиң сөзлик қоры жаңа сөзлер, терминлер, гәптиң илгери тилде көрилмеген, сыналмаған синтаксислик дүзилислери менен байыйды.

Аўдармашының көркем мийнети себепли тил жаңаша түске енеди. Аўдарманың усындай бир қатар машақатларына қарамастан, Ш.Айтматовтың бир нешше шығармалары қарақалпақ тилине аўдарылды. Биз төменде Ш.Айтматовтың У.Пиржанов аўдармасындағы «Боранлы бәндирги» шығармасының айырым мәселелерине талқы жасаймыз Жазыўшы менен аўдармашының аўҳалын бир-бири менен салыстырайық: ҳәр екеўине де қандай да бир нәрсени таңлаў ҳәм қандай да бир нәрседен ўаз кешиўине туўры келеди. Жазыўшы өз шығармасына туўры

келетуғын образларды, сөзлерди таңлайды. Әне, сол таңлаўы менен ол еркин.

Жазыўшы ойлаған образын жаратады, жазыў барысында оны өзгертип ҳәм қайтадан ислеп, толықтырыў имканиятына ийе. «Аўдармашыға келсек, ол енди таяр шығармаға дус келеди. Шығарманы өзгертиўге аўдармашының жүреги даўамайды, ол – қул. Бул жазыўшы гезлеспеген қосымша тың қыйыншылық. Шығарма жазыўдан гөре оны аўдарма ислеў қыйын. Аўдармада миллийлик сақланыўы керек деген едик» [4:8]. Деген менен түрли халықтың руўхый ҳәм мәдений турмысында өзине сай түсиниклер көплеп ушырасады. Мысалы: қазақ ҳәм қырғыз тиллериндеги «ботакөз» сөзинде боталаққа (түйениң баласы) сын берилген екен, буны басқа тилге тап солай көшириў қыйын. Ҳиндлерде сыйыр-гөззаллық, сақыйлық ҳәм аналық мехирдиң тымсалы болғанлығы себепли, ҳинд әдебиятында сулыў қызды сыйырға уқсатыўы – бизде дәўжүрек батырды арысланға теңеўиндей гәп. Немислерде болса шошқа – бахыт тымсалы екен, буны басқа тилге тап солай аўдарылса, турған гәп – мазмун бузылады. Сондай-ақ, украин хуторы – қарақалпақ аўылы емес, өзбек қышлағы – қырғыздың айылынан парқ қылады. Демек, миллийлик тилде өз сәўлесин табады. Мәселен, Ш.Айтматовтың шығармалары тилинде миллий безеўлер, сөз саплаўлар жоқ, соған қарамастан, оның повесть ҳәм романлары бастан-аяқ миллийлик пенен суўғарылған. Өз гезегинде У.Пиржанов та оның «Боранлы бәндирги» шығармасын артықша безеўлерсиз жеткериўге ҳәрекет қылған ҳәм буған ерискен. Шығарманың түп нусқасы рус тилинде жазылғанлығы мәлим. Демек, рус тилинде гезлесетуғын сөзлик бирликлер, фразеологизмлер бизиң сөйлеў тилимизге онша сәйкес келе бермейди. Талантлы жазыўшы У.Пиржанов бундай сөзлерди қолланыў менен шығарманы оқыўшыға еле де жақынластырған. Мысаллар келтирейик: Түп нусқада: «… а иначе не позвалью вам здесь оставаться, не посмотрю ни на что, пеняйте на себя…». [1:332] Қарақалпақшасы: «Солай етпейтуғын болсаңлар бул жерден ийт қосып қуўып жиберемен бирақ». [2:41]

Көрип өткенимиздей, «ийт қосып» сөзи түп нусхада жоқ. Былайынша қарағанымызда, Европа халықлары ушын ийт жүдә бир сүйкимли ҳайўан. Бирақ, Орта Азия халықлары өзлериниң жаман көрген адамларының үстинен айтысқанда «ийт минез» «ийт жанлы» ҳәм т.б. қолланады. Шығармадағы Қазанғапты жерлеўден алдын Сабийтжан менен Айзада арасындағы болған даў-жәнжелди былай келтиреди: «Да, вот такая нехорошая история вышла накануне похорон». [1:332] Аўдармасы: «Марҳумды шығарардың алдында усындай бир пышық басты бийабырайшылық болды да қалды». [2:41] Буны: «Аўа, жерлеў алдында усындай жаман ўақыя жүз берди» – деп аўдарыўға да болатуғын еди. Бирақ, булай аўдарыў оқыўшыны зериктирип жибереди. Сөзбе-сөз аўдарғанда шығарманың көркемлиги жоғалады. «Пышық басты» сөзи де усы мақсетте қолланылған. У.Пиржанов аўдармасында аўызеки сөйлеў стили көп қолланылады. Буны төмендеги мысаллардан да көриўимиз мүмкин. «Сабитжан тогда стал орать на ее мужа, чтобы он заставил замолчать Айзаду, а тот вдруг взбеленился и кинулся душить Сабитжана…». [1:332] Аўдармасы: «Сол ўақытта Сабитжан Айзаданың аўзына қум қуйылыўы ушын оның байына бақырып еди, ол бирден жулқынып, дәпинип Сабитжанның алқымынан буўындырды». [2:41] Ҳәр халықта туўған-туўысқанларын атаўда өзиншеликке ийе. Буны төмендеги мысалымыздан алып қарайық. «Это кокетай» дорогой, не на Каранаре ехать по Сарозекам очень там все сложно…». [1:336] Қарақалпақша варианты: «… Бул саған Сарыөзекте Қаранарға минип, қоқанлап жүриў емес, ақсақал, ондағы бәри де жүдә қыйын». [2: 46] «Кокетай – ласкательно-уменьшительное и в то же время снисходительное обращение»). Қырғыз тилинен «коке» сөзин аўдарғанда қарақалпақша «аға» сөзине туўры келеди. Бирақ, қарақалпақ халқында ер адамлар «аға» сөзине қарағанда «ақсақал» сөзин жийи қолланады. Мына мысаллар да жоқарыдағыдай сыпатқа ийе: «А она невезучая бейбақ, не послушалась аульских старушек. [1:358] Қарақалпақша варианты: «Ал, талабы келиспеген бул маңлайы қара аўылдағы кемпирлердиң айтқанын тыңламай». [2:72] Ш.Айтматов тәрепинен шығармада қолланған «бейбақ» сөзине рус тилинде «несчастливица», яғный, «бахытсыз», «бахты келиспеген» деген түсиник бериледи. «Маңлайы қара» сөзиниң русшасы түп нусқада жоқ ҳәм болыўы да мүмкин емес. «Боранлы бәндирги»ниң қарақалпақша аўдармасындағы нусқасынан

усы сыяқлы мысалларды көплеп келтире бериўге болады. Аўдармадағы бундай өзгешеликлер көркем аўдарманың қарақалпақ әдебиятында раўажланыў принциплерин ҳәм тенденцияларын анықластырыўға жәрдем береди. Сонлықтан, жазыўшы шығармаларының қарақалпақ тилиндеги аўдармалары да өз алдына изертлеўди талап етеди.

Әдебиятлар

1. Айтматов Ч. Плаха. // И дольше века длится день. Алмата: Жалын, 1987. С. 285-573.
2. Пиржанов У. Боранлы бәндирги. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.
3. Султанов А. Қарақалпақ прозасында Шыңғыс Айтматовтың поэтикалық дәстүрлери. – Нөкис: Билим, 2007.
4. Саломов Г. Таржима назариясига кириш. – Т.: Ўқитувчи, 1978.
5. Саломов Г. Адабий анъана ва бадиий таржима. – Т.: Фан, 1980.

РЕЗЮМЕ. Бу мақоламизда Чингиз Айтматов ижодиётининг поэтикасига доир масалалар, таржима саньати ҳақида айрим мулоҳазалар ёритилди. Қирғиз ёзувчиси Чингиз Айтматов ўз замонасининг буюк намоёндаси бўлибгина қолмай ҳаёти давомида инсонийликни кўкларга кўтарди. Унинг қароқалпоқ халқининг қўшалоқ чинори булган И.Юсупов ва Т.Кайипбергеновлар билан дўстлик муштараклиги қирғиз-қароқалпоқ халқига бирдамлик кўприги сифатида хизмат қилди. Улуғ қирғиз ёзувчиси Ч.Айтматов қароқалпоқ классик шоири Бердах Ғарғабай ўғли ижодига жуда юқори баҳо берган эди. Ёзувчи қароқалпоқ адабиётига буюк эхтиром ила караб, И.Юсупов ва Т.Қайпбергеновларнинг адабиётдаги мавқейини донишмонана белгилаб берди ва: «Мен И.Юсуповни рус тилида уқийман, агар уни асл нусхада ўқиганимда нималар юз берарди, билмадим»... «Т.Кайпбергенов сиймосида тарих сарлавхаларидан уз халқин излаб юрган Бердахни кўраман» – деган эди у.

РЕЗЮМЕ. В данной статье освещены вопросы, связанные с поэтикой творчества Чингиза Айтматова, некоторые соображения относительно искусства перевода. Киргизский писатель Чингиз Айтматов был не только великим представителем своего времени, но и всю свою жизнь ждал человечества. Мостом единения кыргызско-карагалпакского народа послужила его дружба с И.Юсуповым и Т.Кайипбергеновым, любимыми представителями каракалпакского народа. Великий киргизский писатель Ч.Айтматов сказал: "Я читал И. Юсупова по-русски, я не знаю, что бы произошло, если бы я прочитал это в оригинальной версии»… «В образе Т.Каипбергенова я построю Бердаха, который ищет людей вдали от заголовков истории». В статье также будут затронуты некоторые проблемы художественного перевода.

SUMMARY. In this article, issues related to the poetics of Chingiz Aitmatov's work, some considerations regarding the art of translation were covered. Kyrgyz writer Chingiz Aitmatov was not only a great representative of his time, but he was waiting for humanity throughout his life. His friendship with I.Yusupov and T.Kayipbergenov, who were the beloved members of the Karakalpak people, served as a bridge of unity for the Kyrgyz-Karakalpak people. The great Kyrgyz writer Ch.Aitmatov said: "I read I.Yusupov in Russian, I don't know what would have happened if I had read it in the original version"… "In the form of T.Kaipbergenov, I will build Berdakh, who is looking for people away from the headlines of history". The article will also mention some problems of artistic translation.